# БИРИККЕН АТЛЫҚЛАР

**Опаева Райгул Аймановна**
*филология илимлери бойынша философия докторы (PhD), Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты Қарақалпақ тили кафедрасы үлкен оқытыўшысы*

Бириккен атлықлар хәр қандай еки ямаса оннан көп түбир ямаса тийкарлардың бир неше ўақытлар бирге қолланылып, тығыз биригиўинен қәлиплеседи. Бириккен сөз өзиниң компонентлериниң мәнисинен өзгешелеў жаңа мәни аңлатады. Оның компонентлери өзлериниң дәслепки мәнилерин өзгертип ямаса жойтып қолланылады. Сонлықтан да айырымларының компонентлери фонетикалық жақтан да өзгерислерге ушырап, өзлериниң дәслепки формаларын жойтады. Олардың айырымлары структурасы бойынша хәзирги тилдиң көз-қарасынан морфемаларға ажыралмайтуғын бир сөз сыпатында қолланылады.

Бириккен сөзлер-бул атлық, келбетлик, санлық, фейил хәм рәўиш сөз шақапларының биригиўинен жасалады. Олардың компонентлери арасында грамматикалық байланыс болмайды. Айырым жағдайларда олардың мәниси компонентлериниң мәнисинен басқа, хәттеки оған байланыслы болмаўы да мүмкин. Бириккен атлықлар тилимизде соңғы дәўирде көплеп пайда бола баслады. Сөзлердиң биригиўи арқалы жаңа мәнили сөз жасаў- бул тек мәнили сөз шақапларына ғана тийисли болып есапланады.

Бириккен атлық сөзлер сөз өзгертиўши қосымталарды еркин қабыллай алады. Ал айырым жағдайларда оларға сөз жасаўшы қосымталар да жалғанады. Мәселен, *қаракөлшилик, қарақалпақтутыныўшылар* хәм т.б.

Бириккен атлықлар еки ямаса оннан да көп созлердиң өз ара тығыз биригиўинен жасалып, сөйлеўде бир пәт пенен айтылады. Хәтте гейпара сөзлердиң айтылыўда қурамының қоспа екенлиги сезилмейди. Олардың тек тарийхый-этимологиялық жақтан ғана бириккен түбирлер екенлигин анықлаў мүмкин.

Қарақалпақ тилиндеги бириккен сөзлердиң көпшилиги ерте ўақытларда қәлиплескен. Бирақ олар хәзирги тилде де жасала береди. Бириккен сөз формалары мәнили сөз шақапларында ушырасады. Хәттеки айырым көмекши сөзлер де шығысы жағынан бириккен сөзлер болып есапланады. Мәселен, *өйткени, қаншелли, биресе* хәм т.б.

Бириккен сөзлердиң курамындағы сөзлер бир-бири менен тығыз биригип кеткенлиги себепли олар жай сөзлерге жақын болып келеди. Бириккен сөзлер жай сөзлерге уқсағаны менен өзине тән өзгешеликлерге ийе болады.

а) бириккен сөзлердиң билдиретуғын мәниси оның курамындағы түбир сөзлердиң мәнилеринен басқаша яғный кеңирек, айырым жағдайларда улыўма байланыслы болмаўы да мүмкин. Мысалы; *бузаўбас, тасбақа* ҳәм т.б. *Бузаўбас* сөзи бузаўды да, оның басын да билдирмейди, ал олардың мәнилеринен пүткиллей басқаша мәнини яғный жәнликти билдиреди. [ 1. 91-92- бетлер].

ә) көплеген бириккен сөзлердиң компонентлери арасында грамматикалық байланыс сезилмейди, себеби олар бир интонация менен айтылады. Айырым жағдайларда бириккен сөзлердиң фонетикалық өзгерислерге ушырап та қолланылады: *билезик, алтақта, жаныўар, белбеў, шегара* ҳәм т.б. Бирақ, барлық бириккен сөзлер де фонетикалық өзгерислерге теңдей ушырай бермейди. Мәселен, *қарақулақ, ақсаўлақ, елгезер* ҳәм т.б. Бул түрдеги бириккен сөзлер сөз дизбеклеринен де, курама сөзлерден де аңсат ажыралып турады, себеби буларда грамматикалық байланыс болмайды.

Қарақалпақ тилиндеги бириккен сөзлер ҳәр қыйлы сөзлерден ҳәм сөз топарларынан жасалады:

а) еки ямаса оннан да көп компонентлерден ибарат болған, ҳәр қыйлы синтаксислик байланыстағы сөз дизбеклери көп ўақытлар даўамында турақлы түрде бирге қолланылыўы нәтийжесинде бириккен сөзге айналады: *күнбатар, шашбаў, өмирбаян* ҳәм т.б. Айырым бириккен сөзлердиң компонентлериниң биреўи узақ ўақыт бирге қолланылыўына байланыслы өзиниң дәслепки лексикалық мәнисин жойтады. Сонлықтан, оның бириккен сөз курамында бөлек түбир екенлиги сезилмейди: *шегара, быйыл, ешкимар, билезик* ҳәм т.б. Бундай бириккен сөзлердиң компонентлери бир сөз шақабынан да, ҳәр қыйлы сөз шақабынан да бола береди. Ҳәзирги тил илиминде бириккен сөзлерди илимий жақтан жасалыўын үйренип қарайтуғын болсақ, сөзлерди ериксиз рәўиште көбейтетуғын процесслердиң бири бул- аўдарма болып табылады. Сондай-ақ,дүньяқарас сөзиниң өзи де-аўдарма. Русшасы- мировозрения. Биоклиматология-биоықлымтаныў ҳәм т.б. Тилимизде бундай жаңадан бириккен сөзлердиң пайда болыўы жәмийеттеги, илимдеги раўажланыўларлар менен тиккелей байланыслы лингвистикалық қубылыс болып табылады.

**Әдебиятлар:**

1. Бекбергенов А. Қарақалпақ тилинде сөзлердиң жасалыўы. Нөкис, 1979